

« Umuvukano n’ubugenzi mu mibano no mu kibano »

ASUMA-BURUNDI

**IGISABISHO C’IMISI ICENDA CO KWITEGURIRA IHIMBAZWA
RY’UMUSI MUKURU MPUZAMAKUNGU UGIRA UWA 25
WAHARIWE UBUZIMA BWIHEVYI.**

Icivugo : « *UMUVUKANO N’UBUGENZI MU
MIBANO NO MU KIBANO* »



Igisabisho c’imisi icenda kizotangura ku musi w’Imana, igenekerezo rya 29 Nzero 2021, kirangire ku musi w’Imana, igenekerezo rya 06 Ruhuhuma 2021.

**Ariko, kubera igenekerezo rya 2 Ruhuhuma rizoshika mu ndwi hagati,
ihimbazwa ry’uwo musi mukuru rwose rizoba ku musi w’Imana,
igenekerezo rya 7 Ruhuhuma 2021.**

« Umuvukano n’ubugenzi mu mibano no mu kibano »

INTANGAMARARA

Bavukanyi bihebeye Imana: Basaserdoti, Bafurera n’Ababikira,

Umukama We adahengeshanya kutwereka urukundo rwiwe mu guhitamwo gukorana natwe, twebwe bikoresho bigoyagoya, bitagira ubukomezi, kugira ngo dushobore kwerekeza abantu ku buzima bw’umwuzurira, aribwo Mana nyene, ni aninahazwe! Niko rero, mu bwiza bwiwe, Umukama arongeye kuduha akanyamuneza ko guhimbaza umusi mukuru mpuzamakungu wahariwe ubuzima bwihevyi muri uno mwaka.

Ihimbazwa ryawo ry’uno mwaka rirafise ico ryisangije kidasanzwe: Izoba ari Yubire, kandi turazi twese inyifato Umukama adusaba muguhimbaza imisi mwene iyo, kandi, kubera urukundo rwiwe ntangere adufitiye, yatugeneye kuba abana biwe kuva akiturema.

Mu vy’ukuri, uyu musi mpuzamakungu ushitse mu gihe Ekleziya iriko irinovora ikete rya Nyenubweranda Papa Francisco « Fratelli tutti » (Twese turi abavukanyi); riduhamagarira umuvukano udakumira, umuvukano utagira imbibe: zaba iz’ibirere, ubutaka canke iz’indimi. Nta muntu n’umwe yohakana ko ubuzima bwacu nk’ubuzima bwihevyi busasagaza uyo muvukano.

Umuvukano nibwo butumwa bwacu, nibwo budutora imbere y’uko twiyumvira kubutora. Kukaba nkako, ntitwihitiramwo uwo dushaka kubana, twakira uwo wese Umukama aturungikira abicishije ku Bakuru bacu baturongoye.

Nico gituma mu gisabisho cacu kidutegurira guhimbaza uwo musi mukuru w’agakura, tuzokwisunga iryo kete rya Nyenubweranda Papa Francisco kugira ivyanditswe muri ryo, bitwereke agaciro gakomeye mu

« Umuvukano n’ubugenzi mu mibano no mu kibano »

gutahura no kurangura neza ubutumwa bwacu muri ino si yatewe n’ibintu vyinshi bidatumbereye.

Muri iryo kete, umuvyeyi wacu Papa arategukanya bikurubikuru biranga umuvukano wisanzuye, ufasha kwemera, guha agaciro n’ugukunda umuntu wese tutaravye ivyo duhuriyeko biboneka vya hafi: ubwoko, abavyeyi, ivyiyumviro; muri make, umuvukano nyakuri w’abantu bose. Afatiye ku mabi ahanze ubuzima bwa kiremwa muntu kandi umuntu akaba ari we nyene nkomoko yayo, Nyenubweranda Papa abona ko vyihuta kandi ari ngombwa kubituzza dukoresheje ingendo nshasha, indoto nshasha y’umuvukano n’ubugenzi mu mibano bitari ivyo kuyeyemvyako.

Duhamagariwe rero kwerekana urwo rukundo mu bikorwa biboneka vya buri muntu ku giti ciwe canke ari mu gihari c’abandi.

Muri kino gisabisho, tuzoza rero turakoresha uduce tumwe tumwe mu kuzirikana kwacu twisunze icivugo cacu nyamukuru arico **“Umuvukano n’ubugenzi mu mibano no mu kibano”**. Tuzogerageza kubizirikana mu mishaha yacu n’ukubinagura tubicishije ku bimenyetso vy’ubunywanyi bwacu kumwe na benewacu bagowe.

Nico gituma dusabwe gushira hamwe inguvu zacu mu kwegeranya ivyo twoshobora kubafashisha mu mpera z’iki gisabisho c’imisi icenda cacu, nk’ikimenyetso c’urukundo rw’Umukama wacu yifashisha ivyo biremwa bikenye ku bw’ineza y’abantu bose.

« Umuvukano n’ubugenzi mu mibano no mu kibano »

Igisabisho c’Imisi icenda kizoba hisunzwe urutonde rukurikira:

1. Kwambaza Mutima Mweranda ;
 2. Gushengerera Isakamentu Ryeranda bikurikirwa n’umwanya w’agacerere ;
 3. Gushikiriza icivugo c’umusi ;
 4. Gusoma ijambo ry’Imana bikurikirwa n’umwanya w’agacerere ;
 5. Gusoma igisomwa co kuzirikana (Fratelli tutti) ;
 6. Umwanya munini wo gushengerera mu gacerere ;
 7. Amashemezo (PTP) & igishabisho rusangi gitunganijwe hisuzwe icivugo c’umusi ;
 8. Igisabisho co ku musi ;
 9. Umuhezagiro wo gusozera (Tantum Ergo).
-

Umusi wa 1 : Ku wa gatanu, 29 Nzero 2021

Icivugo : « *Ubuzima bwihevyi, umuco uboneshereza mu mwijima w’isi yiyugaranye* ».

Ijambo ry’Imana : Ga 5,19-25

Mw’isi ya kino gihe, kwiyumvamwo ko duhuriye kuba abantu twese vyaragabanutse cane, bigatuma indoto zo kwubakira hamwe ubutungane n’amahoro zimera nk’aho zidashoboka kandi zishingiye ku vyiyumviro vyataye igihe.

Turabona ingene hari ukutitanaho gukomeye kandi gukwiye hose, kwavuye ku guhemuka gukomeye kwinyegeje inyuma y’ububeshi: kwemera ko dushobora vyose hanyuma tukibagira ko twese turi mu bwato bumwe. Ukwo kwihenda, ari nakwo gutuma twihinduka imico n’imigenzo vya

« Umuvukano n’ubugenzi mu mibano no mu kibano »

kivandimwe, kutujana “mu guhakana imigenzo myiza iranga ikiremwa muntu”.

Ayo niyo mageragezwa aturindiriye, nitwahitamwo gufata iyo nzira y’uruhendo canke y’ubuhemu. Ukwigunga n’ukuba gati ka waga canke kwizigitirira ku nyungu zacu gusa ntibishobora kuba inzira yo gucamwo kugira haboneke umwizero canke impinduka nshasha, ariko, ni mu kwegerana, mu gutsimbataza imigenderanire na benewacu. Ukwigunga oya, kubana hafi na hafi, ego. Umugenzo wo guhangana, oya, tuwugire indahiro. Umugenzo wo kugeneranira, ego, tuwutsimbataze.

Ndabahamagariye rero umwizero “utumenyesha ukuri, kuri muri buri muntu wese, tutaravye ivyo yacyiyemwo canke abayemwo. Ukwo kwemera kutubwira iyo nyota, ivyo vyipfuzo, ico cipfuzo c’umwuzurira, ubwo buzima bwuzuye , ukwo gushaka gukorakora ikintu kirengeye vyose, icuzuzwa umutima kikerekeza umushaha ku bintu vy’agaciro kanini, nk’ukuri, ubugwaneza bw’umutima n’ubwiza, ubutungane n’urukundo. Ukwizigira ni ubutwari, kurazi kuraba kure cane harengeye ibihimbara umuntu vyose, umutekano ataco umaze n’utwo twose tuduhimbara ariko bikagabanura ukwo twobonye ibintu.

Ukwizigira kwugururira imitima ivyiyumviro nyamukuru bituma ubuzima buba bwiza kandi bugira agaciro.” Tugendere rero mu kwizigira! (Tubisanga muri Fratelli tutti, n.30.55).

Igisabisho :

Mukama Mana yacu, dufashe gutahura ko ugesenga Imana nyakwo kandi kwicishije bugufi kutajana mw’ikumira, mu rwanko n’ubugizi bwa nabi, ariko kutujana ku kwubaha intumbero nyeranda y’ubuzima, kwubaha agaciro n’umwidegemvyo w’abandi, no ku kwiheba mu rukundo ku bw’ineza ya bose. Amen!

« Umuvukano n’ubugenzi mu mibano no mu kibano »

Umusi ugira 2 : Ku wa gatandatu 30 Nzero 2021

Ingingo : « *Umuntu yihebeye Imana, Béthaniya ku Munyamahanga* ».

Ijambo ry’Imana : Lc 10, 25-37

Kubera ko twese dutwarwa cane n’ivyo dukeneye, kubona uwundi ababara biraduhungabanya, kubera ko akenshi tutipfuzza gutakaza umwanya wacu ngo dutorera umuti ingorane z’abandi. Ivyo ni ibimenyetso vy’ikibano kirwaye, kubera ko abari muri co bironderera kwiyubaka ubwabo ariko bahaye umugongo ububabare.

Vyoba vyiza tutaguye muri iryo shano. Turabire akarorero ku mu nya Samalia w’ikigongwe.

Ni igisomwa kiduhamagarira gutsimbataza ihamaga-rwa ryacu nk’abenegihugu mu bihugu vyacu no mw’isi yose, gutyo tukaba abubatsi b’ubunywayi bushasha mu mibano.

Ni akamo kama ari gashasha naho kameze nk’itegeko ntabanduka ry’ubuzima bwacu: ikibano ni kirondere na ntaryo guteza imbere ineza rusangi kandi, dufatiye kuri iyo ntumbero, gisubire kinagurane ubwira n’intumbero za politique n’iz’imibano, imigenderanire, vyo hangiro rya kiremwa muntu. Mu bikorwa vyawe, Umunyasamariya w’ikigongwe yarerekanye ko “ukubaho kwacu twese gufatanye cane n’ukubaho kw’abandi: ubuzima si umwanya utangura hanyuma ugahera, ariko n’umwanya w’uguhura n’abandi”(Frat. N.65.66).

Duhamagariwe kuba hafi y’uwo wese akeneye imfashanyo yacu tutitayeho kuraba ko hari ibi na biriya duhurirako. Umunyasamariya yarabaye hafi y’Umuyahudi yakomeretse, yaraciye inzitizi z’imigenzo n’iza kahise zose. Yezu asozerera ku gusaba: “Genda, nawe, ugire nk’uko” (Lc 10,37).

« Umuvukano n’ubugenzi mu mibano no mu kibano »

Igisabisho :

Turagusavye Mukama, uturonse ingabirano y’umuvukano w’ubuntu wakira abantu bose, b’aba abatunzi canke aboro, abagowe n’abakumiriwe, ubahuza kandi ubanganisha bose. Amen.

Umusi ugira 3: ku w’Imana 31 Nzero 2021

Icivugo : « *Ubuzima bwihevya, urupfunguruzo rwo kwiyumvira no gutungaya isi yugurukiye umuvukano* ».

Ijambo ry’Imana : 1Co 13,1-13

Hari abavukira mu miryango yifashe, bagahabwa indero n’inyigisho nziza, bagakura bafungura neza kandi bafise vyose. Abo ntibakenera ko igihugu kibakorera vyose, barondera gusa ubwigenge bwabo.

Ariko, umuntu afise ubumuga, uwavukiye mu muryango ukenye, uwutaronse amahirwe yo kwiga vyinshi kandi afise amikoro make yo kwivuza uko bitegerezwa, uyo nta n’amategeko abaho kuri we.

Dufashe ko amategeko y’ikibano yoba ashingiye ubwa mbere ku mwidagemvyo ujanye n’amikoro canke ubushobozi bw’umuntu, nta kibanza bifise; umuvukano uraheza ukaba uburyo bwo kwerekana urukundo rurushirije.

Nta muntu numwe rero yokumiriwe, dufatiye ku mamuko yiwe, canke ku vyo abandi baronka kubera ko bavukiye ahari vyinshi gusumba ahandi. Imbibe z’ibihugu ntizishobora kwanka ko ivyo biranguka.

Nk’uko bitemewe ko umuntu arenganywa canke agira uburenganzira buke kubera ari umugore, niko kandi bitemewe ko aho umuntu avuka canke aba biba intandaro y’ukutaronka ivya nkenerwa bituma agira ubushobozi bw’ubuzima bukwiye kandi buteye imbere (Frat. N.109.121.). Yezu aratubwira ati : « Mwese turavukana » (Mt 23,8).

« Umuvukano n’ubugenzi mu mibano no mu kibano »

Igisabisho :

Mana yacu, Butatu Bweranda bw’urukundo, ku bw’inguvu z’ubunywanyu mu bu Mana bwawe, tembesha muri twebwe uruzi rw’urukundo rw’umuvukano. Duhe se Mukama urwo rukundo rwibonekeza mu bikorwa vya Yezu mu muryango wiwe mweranda w’I Nazareth no mu mubano wa mbere w’abakristu! Amen.

Umusi ugira4: Ku wa mbere 01 Ruhuhuma 2021

Icivugo : « *Uwihebeye Imana, gashusho k’umutima wugurukiye bose*».

Ijambo ry’Imana : Mt 10,5-8

Umuzo w’abantu batandukanye, bavuye mu yindi mice y’isi n’imico vy’ubuzima, utubera ingabire, kubera ko “ kahise k’inyambukira ni kahise kandi k’imibonano y’abantu n’imico: ku kibano n’imirwi y’abantu bakiriye izi nyambukira, biba akaryo k’itunga n’iterambere rya bose mu mice yose igize umuntu”.

Nico gituma “nsavye nshimitse urwaruka kutajana n’ivyiyumviro vy’abashaka kurubuza kwakira urundi rwaruka ruje rugana ibihugu vyarwo, mu kubereka ko ari abantu bateye ibibazo kandi ko boba badafise uburenganzira n’ububasha bwagenewe ikiremwa muntu cose. (Frat. N.133).

Igisabisho :

Duhe Mukama, twebwe aba Kristu kubaho twisunze Inkuru Nziza n’ugushobora kubona Kristu muri buri muntu wese, kugira ngo tubone uwabambwe mu mibabaro y’abahebwe n’abibagiwe muri iyi si, twongere tumubone yazutse muri uwo mwene wacu wese ! Amen.

« Umuvukano n’ubugenzi mu mibano no mu kibano »

Umusi ugira 5: Ku wa kabiri 02 Ruhuhuma 2021

Icivugo : « *Uburongozi bwiza bw’abihebeye Imana bufasha ineza nyakuri ya bose* ».

Ijambo ry’Imana : Mt 22, 36-40

Hari abatware bashobora kubona, bagasesangura ivyipfuzo vy’abantu, urukurikirane rw’imico yabo n’amerekezo yikibano. Igikorwa barangura, mu gushira hamwe n’ugutwara abo bajejwe, kirashobora kuba ishingiro ry’umugambi urama w’ihinduka n’iterambere, ivyo biraheza bikerekana ubushobozi bwo guha ikibanza abandi ku neza ya bose.

Ariko, ico gikorwa kirashobora kuba kibi cane, mu gihe kibaye inguvu zikoreshwa n’umuntu kugira agire imico y’abo atwara, igikoresho ca politike, abifashijwemwo n’ibimenyetso bimwebimwe vy’ivyiyumviro bishira imbere umugambi wiwe wo kwigumiza ku butegetsi.

Rimwe na rimwe, harabaho kurondera kwigarurira ubukundwakazi mu gushingira ku vvyiyumviro vyo kwigungirako bivuye mu bice bimwe bimwe vy’abanyagihugu. Ivyo vyunyuka cane iyo bibaye hakoreshajwe inzego canke amategeko amwe amwe mu buryo bubu bukandamiza abandi canke bwinyegeje. [...] Ivyo bica vyerekana ko hakenewe guteza imbere ikinyegezwa c’umuvukano n’ugushiraho itunganywa ryiza ry’isi kugira rifashe gutora umuti w’ingorane zituma abantu bahebwe, bababara canke bagapfa mu bihugu bikenye.

Ku ruhande n’urundi, ivyo vyerekana kandi ko atari inzira imwe yonyene ishoboka yo kubivamwo, ko atari uburyo bumwe bwonyene bwemewe, atari itunganywa ry’ubutunzi rimwe ritegerezwa gukurikizwa co kimwe ku bantu bose, kandi ivyo vyerekana ko n’ubushakashatsi ubwabwo, naho bwoba bukurikiza amategeko gute, bushobora gutanga icyumviro c’inzi zitandukanye. (Frat. n.159.165).

« Umuvukano n’ubugenzi mu mibano no mu kibano »

Igishabisho:

Mukama ukaba n’Umuyeyi w’abuntu, Wewe waremye ikiremwa muntu cose ukagiha agaciro kamwe, kwiragiza mu mitima yacu umutima w’ubuvukanyi. Shira muri twebwe igisharara c’uguhura, c’ukuganira, c’ubutungane n’amahoro. Dufashe kwubaka umibano urangwamwo ivyiza vyinshi n’isi ihimbaye koko, itagira inzara, itagira ubukene, itagira ubugizi bwa nabi, itagira indwano. Amen.

Ku musi ugira 6 : Ku wa gatatu 03 Ruhuhuma 2021

Icivugo : « Umubano w’abihebye Imana, inkingi yo gutsimbataza ikiganiro n’ubuvukanyi mu mibano ».

Ijambo ry’Imana : Ac 15, 5-21

Kwegerana, kuvuga ikiri ku mutima, kwumviriza, kurabana, kumenyana, kugerageza gutahurana, kurondera ivyoduhuza, ivyo vyose bikoraniye mw’ijambo “kuganira”. Kugira tubonane kandi dufashanye, turakeneye kuganira.

Ntibikenewe kuvuga ko ikiganiro ata kamaro gifise. Birahagije kwiyumvira gusa uko isi yobaye imeze iyo hatabaho ico kiganiro c’abantu b’ubugwaneza bashoboye gutuma imiryango n’imibano biguma bifatanye mu nda.

Ikiyago kirafasha abantu kubaho neza cane gusumba uko dushobora kuvyiyumvira, n’aho kidashoka cishira hejuru nk’iyo habaye ukutumvikana canke indyane.

Bamwe bagerageza guhunga ukuri mu kwinyegeza mu vyabo, abandi nabo bagerageza guhangana nakwo mu gukoresha ubugizi bwa nabi, bwica vyose.

N’ubwo biri uko, “hagati y’ababirabisha amaso binyegeje, n’abakoresha ubugizi bwa nabi, hariho inzira imisi yose ishoboka:

« Umuvukano n’ubugenzi mu mibano no mu kibano »

« ukuganira ». Ukuganira hagati y’urunganwe, ukuganira hagati y’abantu, kubera twese turi abantu, ubushobozi bwo gutanga n’ukuronka, tugumye twugurukiye ukuri (Frat. n.198.199).

Igisabisho:

Ingo, Mutima mweranda, utwereke ubwiza busayangana mu bantu bose bo kw’isi, kugira dushobore kubona ko bose bafise akamaro, ko bose bakenewe, ko bose ari amashusho atandukanye y’ikiremwa muntu kimwe ukunda. Amen!

Umusi ugira7: Ku wa kane 04 Ruhuhuma 2021

Icivugo : « *Ukuri kw’ijambo ry’Imana, umushinge wo guharanira amahoro n’ugusubiza hamwe* ».

Ijambo ry’Imana : Mt 5,3-12

Ukuri ni isekeza ridashobora gutandukana n’ubutungane n’ikigongwe. Iryo bintu bitatu vyose ni kirumara ku kwubaka amahoro kandi, ku rundi ruhande, kimwe cose gituma ibindi bidatakaza akanovera.

Kuri iyo mvo, ukuri ntigutegerezwa kujana ku kwihora, ariko, gutegerewa kujana ku gusubiza hamwe n’uguharirana.

Ukuri ni ukubwira imiryango yatabaguwe n’ububabare ivyashikiye abavyeyi babo bapfuye. Ukuri ni ukwemera ivyashitse biturutse kuri bano bajanywe mu bikorwa vy’ubugizi bwa nabi. Ukuri ni ukwemanga umubabaro w’abakenyezi bakorewe ubugizi bwa nabi canke ivyaha. Ubugizi bwa nabi bwose bwagiriwe ikiremwa muntu ni igikomere mu ntimatima y’ubuntu; urupfu rubabaje rwose ruraducuyya nk’abantu.

Ubugizi bwa nabi buyara ubundi, urwanko ruvuyara urundi, urupfu narwo rukavyara urupfu rurengeje.

« Umuvukano n’ubugenzi mu mibano no mu kibano »

Dutegerezwa gucagagura uyo mugozi umeze nk’aho udashobora gutsindwa”. Mu vy’ukuri, kubonana ntibisigura gusubira mu bihe vya kera vy’amatati. Twese tuba twarahindutse bivanye n’umwanya.

Umubabaro n’ugutana mu mitwe vyaraduhinduye. Ariko, kuganira bidashitse, kuyeyemvyako, kuvuga indimi zibiri, kwica amazanganya, canke inyifato nziza zinyegeza ukuri, nta kibanza bigifise.

Abashamiranye bikomeye, bategerezwa kuganira hisunzwe ukuri kweruye kandi kutarya umunwa. Barakeneye kwiga gukoresha ubwenge bwigaye, bushobora kwemanga kahise kugira haboneke kazoza katicuza ibitangeze neza, ivyacyanganye canke gashira imbere integuro mbi (Frat. n.227.226).

Igisabisho:

Mana yacu, Butatu bweranda bw’urukundo, ku bw’inguvu z’ubunywayi mu bu Mana bwawe, tembesha muri twebwe uruzi rw’urukundo rw’umuvukano. Duhe se Mukama urwo rukundo rwibonekeza mu bikorwa vya Yezu mu muryango wiwe mweranda w’I Nazareti no mu mubano wa mbere w’abakristu! Amen.

Umusi ugira 8 : Ku wa gatanu 05 Ruhuhuma 2021

Icivugo : « *Amadini afasha mw’itsimbatazwa ry’umuvukano mw’isi*».

Ijambo ry’Imana : 1Jn 4,7-14.

Ekleziya iraha agaciro igikorwa c’Imana mu yandi madini kandi “nta na kimwe itakaza kuri ico cose c’ukuri n’ubweranda biri muri ayo madini. Irakirana icubahiro nyakuri uburyo bwo gukora n’ukubaho vyayo, amategekoko

« Umuvukano n’ubugenzi mu mibano no mu kibano »

yayo, ukwemera kwayo [...] ari navyo bisasagaza umuco w’ukuri umurikira abantu bose”.

Ariko twebwe aba Kristu b’abagatolika, ntidushobora kunyegera ko “ Ijambo ry’Imana niryahagarika kutuvugiramwo, tuzoba twatakaje akanyamuneza kava ku kubabarana, igishika kiva ku kwizerana, ubushobozi bwo gusubiza hamwe, bwo budufasha kwumva imisi yose ko twagiriwe imbabazi.

Ijambo ry’Imana niryahagarika kutuvugiramwo mu ngo zacu, mu kazi kacu ka misi yose, muri politique no mu vy’ubutunzi, tuzoba twarazimije uyo mudaho utubwiriza kugwanira agateka k’umuntu wese yaba umugabo canke umugore”.

Hariho abandi bagaburirwa n’ibindi atari Ijambo ry’Imana. Kuri twebwe, isoko ry’agateka ka muntu n’umuvukano riri mu Nkuru Nziza ya Yezu Kristu.

Niho hava, iviyumviro rukristu n’igikorwa ca Ekleziya, agaciro duha ubunywany, umubonano n’ikinyegezwa c’uwundi muntu, ubunywany bw’abantu bose nk’itorwa ry’umuntu wese” (Frat. n.277).

Ugusenga Imana mu kuri no mu kwicisha bugufi “ ntivyerekeza kugukumirana, ku rwanko n’ubugizi bwa nabi, ariko vyerekeza ku kwubaha ihezagirwa ry’ubuzima, ku kwubaha agateka n’ubwigenge bw’abandi, n’ukwiyemezanya urukundo gutsimbataza ineza ya bose” (Frat. n.283).

Igisabisho

Mukama ukaba n’Umuvyeyi w’ubuntu, wewe waremye ikiremwa muntu cose ukabiha agaciro kamwe, kwiragiza mu mitima yacu umutima w’ubuvukanyi. Shira muri twebwe indoto z’uguhura, z’ukuganira, z’ubutungane n’amahoro. Dufashe kwubaka imibano irangwamwo vyiza vyinshi n’isi ihimbaye koko, itagira inzara, itagira ubukene, itagira ubugizi bwa nabi, itagira indwano. Amen.

« Umuvukano n’ubugenzi mu mibano no mu kibano »

Umusi ugira 9 : Ku wa gatandatu 06 Ruhuhuma 2021

Icivugo : « *Duhamagariwe umuvukano w’abantu bose* ».

Ijambo ry’Imana : 1Jn 3,11-20

Ni igikorwa ngombwa cane co kubandanya dushingira intahe inzira yo kuganira hagati y’amashengero atandukanye. Ntitwokwibagira ugushaka kwa yezu Kristu: « Ko bose baba umwe » (*Jn 17, 21*).

Twumvirije akamo kiwe, turemerana agahinda ko intererano rukristu y’ubumwe hagati y’abakristu bose itarakwiragizwa hose. Ariko, “ twese dufatanije urugendo rugana ubunywanyi bwuzuye, dufise igikorwa co gushingira intahe rusangi urukundo rw’Imana kuri bose, mu gukorera hamwe ku bw’ubuntu”.

Ukwemera kw’amashengero ku ntumbero nyeranda y’ubuzima bwa kiremwa muntu kudufasha “kwemera agaciro nyamukuru k’ubuntu rusangi, agaciro dutegerezwa kwisunga mu gukorera hamwe, kwubaka no kuganira, guhariranira n’ugukura, mu guha akaryo ayo majwi yose atandukanye ko kuririmba ururirimbo rubikwiye kandi ruhimbaye, aho gusasagaza urwamo rw’urwanko” (*Frat.n.280.283*).

Kubw’ukwemera kwimbitse kuvuye ku kumenya Imana vy’ukuri, turahamagariwe gufata inzira y’uguhinduka gushika aho twese twumva ko tuvukana n’abagabo n’abagore bose, muri make, ko tuvukana na kiremwa muntu cose, hanyuma, “tukaba abavukanyi b’imitima yose, abavukana twese mw’isi.

Ariko ivyo bizoshoboka mu gihe twishushanya n’abanyuma, ni ukuvuga abakene, abarushwa, abahebwe, abakumiriwe, impfuyi, abapfakazi, impunzi, abakozweko n’intambara, uruhamo n’akarenganyo, abagoyagoya

« Umuvukano n’ubugenzi mu mibano no mu kibano »

(...), kumwe n’Imana n’uwo wese afise ugushaka kugira dushikire twese kuba abavukanyi ba bose ».

(Frat. 286.287).

Igisabisho:

Umutima wose, mukama niwugurukire abantu bose n’amahanga yose yo kw’isi, kugira umenye ineza n’ubwiza wabivye muri umwe umwe mu guhingura imigenderanire y’ubumwe, imigambi rusangi, ukwizera gusangiwe na bose. Amen!

Équipe de rédaction, Région Bujumbura :

Frère Spério NIBIGIRA (fbp) ;

Sœur Noëlla NDAYISABA (Bene-Umukama) ;

Père Fidèle NTUNZWENIMANA (Doctrinaire).


Equipe de traduction en kirundi et Edition :

- Père Jean Bosco NTIHEBUWAYO , mafr

- Evode NZOJIYOBIRI (FSI).

Et le Service Missionnaire

« Umuvukano n'ubugenzi mu mibano no mu kibano »



« ...*Qui est mon prochain?* » Lc 10,29